

Enstitisyon sa a gen entèdiksyon pou pa pratike diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun soti, andikap moun, laj moun, si yon moun se fanm oswa gason, epi nan kèk ka akòz relijyon oswa konviksyon politik. Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi tou diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA alatèt oswa finanse. Moun andikape ki bezwen lòt kalite mwayen kominikasyon pou enfòmasyon sou pwogram (pa egzanzp, Bray, gwo lèt, kasèt-odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Depatman Timoun ak Fanmi, kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki difisil pou tandè, oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339. Answit, nou ka mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lang ki pa anglè. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan pwogram nan, ranpli [Fòm Plent USDA pou Diskriminasyon](#), (AD-3027), ki sou entènèt sou sitwèb: [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), epi nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese ba USDA epitou bay nan lèt la tout enfòmasyon nou mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele nimewo (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la ba USDA anvan dat: (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410, (2) faks: (202) 690-7442; oswa (3) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov). Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène avèk pwoblèm nan Pwogram Èd Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte nimewo Liy Dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo ta dwe rele [Nimewo Enfòmasyon Leta/Liy Dirèk](#) (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo liy dirèk selon

#### Kontinye:

eta a); ou ka jwenn yo sou sitwèb: [http://www.fns.usda.gov/snap/contact\\_info/hotlines.htm](http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm). Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ki resevwa èd lajan gouvènman federal la nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [U.S. Department of Health and Human Services (HHS)], voye yon lèt ba: HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele nimewo (202) 619-0403 (pou pale) oswa (800) 537-7697 (TTY). Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinite egale pou tout moun.

Florida Department of Children and Families

ACCESS Central Mail Center  
Attention: SUNCAP Unit  
P.O. Box 1770  
Ocala, FL 34478-1770

Phone: 850-300-4323  
Florida Relay 711 or TTY: 1-800-955-8771  
Fax: 866-886-4342  
[www.myflfamilies.com](http://www.myflfamilies.com)

## Pwogram SUNCAP Florida



*Misyon Depatman Timoun ak Fanmi se travay an patenarya ak kominote lokal yo pou pwoteje moun ki vilnerab yo, ankouraje fanmi ki solid ak ekonomikman endepandan, epi avanse pou rekiperasyon ak rezistans pèsònèl ak fanmi yo.  
Ch.20.19 FS*

## Kisa Pwogram Asistans Manje SUNCAP ye?

Pwogram SUNCAP se yon Pwogram espesyal Asistans Manje ki deziyen pou moun k ap resevwa Revni Sekirite Siplemanchè (SSI). Ou kapab kalifye pou resevwa Asistans Manje nan Pwogram SUNCAP san ou pa ranpli okenn lòt fòmilè aplikasyon, san ou pa bay dokiman oswa san ou pa fè antrevi.

Si ou deja resevwa avantaj èd manje nan Pwogram èd Manje regilye a, yo ka mete ou nan Pwogram SUNCAP la otomatikman lè ou vin elijib pou SSI.

Si avantaj èd manje ou yo ap diminye akòz SUNCAP, ou ka chwazi kontinye resevwa avantaj èd manje ou yo nan kad Pwogram èd Manje regilye a.

Kounye a Florida sèvi plis pase 44,000 fwaye SUNCAP nan tout eta a.

## Kimoun ki kalifye pou Pwogram SUNCAP?

Moun yo kapab kalifye pou SUNCAP si yo vle aplike pou Asistans Manje epi:

- Si y ap resevwa SSI;
- Si yo genyen omwen laj 18 tan;
- Si yo p ap travay; epitou
- Si yo achte ak prepare manje yo poukont yo.

## Ki benefis ki genyen nan Pwogram SUNCAP?

- Antrevi ou pou benefis SSI se antrevi ou pou SUNCAP tou.
- Nou p ap mande ou pou ranpli fòmilè apa.
- Nou p ap mande ou lòt kopi dosye pèsonèl ou.
- Ou senpleman fèt pou rapòte chanjman nan sitiyasyon ou ki nesèsè pou Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) konnen.
- Ou bezwen sèlman dwe re-konfime chak twa (3) lane nan renouvèlman SSI ou a.
- W ap resevwa yon kat EBT (Transfè Elektwonik Benefis) pou jwenn benefis Asistans Manje ou.

## Èske mwen oblije jwenn Èd Manje mwen nan Pwogram SUNCAP la?

Non, ou kapab chwazi Pwogram Asistans Manje regilye si ou:

- Peye plis pase \$35 pa mwa nan frè medikal siplemanchè; oswa
- Peye plis pase \$800.00 pa mwa pou lwaye, prè ipotèkè, oswa taks sou pwopriyete.

## Kijan pou mwen aplike pou Pwogram SUNCAP?

Aplike pou SSI nan youn nan biwo Sekirite Sosyal Eta Florid, epi Sekirite Sosyal ap deside si ou kalifye pou SUNCAP, oswa

Mande pou Pwogram Èd Manje regilye a, si ou resevwa SSI yo pral mete li nan SUNCAP, oswa

Kontakte Inite SUNCAP la Si ou deja resevwa SSI, men **ou pa** resevwa Èd Manje.

850-300-4323,  
**Florida Relay 711**, or  
1-800-955-8771(TTY)

- *Pou aplike pou èd manje regilye :*  
<https://www.myflorida.com/accessflorida/>
- *Konvèsyon nan Pwogram Èd Manje regilye a ka pran jiska 90 jou.*
- *Dosye SUNCAP yo pa kalifye pou Èd Manje akselere oswa mwa pasyèl avantaj yo.*